



New York State Board of Regents
MaryEllen Elia
Commissioner of Education
The State Education Department
The University of the State of New York / Albany, NY12234
Office of Communications



XIBAAR NGIR GENNEE BU JAMP 7 Mars 2017

Ngir yeneen Leeral, Jokkook:
Jonathan Burman walla Jeanne Beattie
(518) 474-1201
www.nysed.gov

LEERAL CI SAÑ-SAÑ NDONGO-DAARA IMIGERE AK JËF NGOR NDONGO DAARA YEPP JAPPANDINAÑU LEEGI CI 20 LAKK

Leeral biñu gennee lu yàggul yi ci Ngor ngir Jëfu Ndongo-Daara Yepp (DASA) ak ci sañ-sañu ndongo-daara imigéré yi jàppandina leegi ci 20 làkk yuñuy göna làkk ci biir etaa New York, MaryEllen Elia, Komiseer Njàng ci Etaa bi moo ko xamle tay. Ci tontu lim guy yokku ci xamleeg boddikonte, nooteel ak xékkital ci biir dëkk bi yepp ak titaange ak jaxasoo yu bawoo ci jëf nguuri gi lu yàggul, Departmañ Njàngu Etaa bi, bi lëkkaloo ak biroo Attekat bu Mag bi, leeralnañu goxu daara ci tomb yu am solo yooyu. Leegi waajur yi, ñuy dénc xale yi ak ñeneen ñumu soxal yokknañu seen jót ci leeral gu am solo bii.

Njiitu Ndaaw-Reew Betty A. Rosa neena: "Buñu booloo, dinañu mëna def ba suñu ndongo-daara yi nekk ci jàmm te xamne ñoongi leen di jàppale ci dekkinu daara yi". "Dañoo wara wonewaat suñu wareef ngir joxe ay barabu jàng yu wóor, fi nga xamne ndongo-daara yi dinañu mëna jàng te kenn du xool ban der lañu am, xeet buñu bokk, làkk buñuy wax ci seen kér, taxawaay imigéré, seen jubluwaay awra walla bepp mbir bimu mëna doon. Dañoo wara tëye xale yepp ni suñu doom ak bëggeel gu mat sëkk."

"Departmanu Njàng bu Etaa bu New York day mettitlu bepp jëf bu yakk nekkin ci biir daara yi fi nga xamne suñu ndongo-dara yi foofu lañuy ñew di jàng bis bu nekk," Komiseer Elia moo ko xamle. "Xale yepp amnañu sañ-sañ njàng biñudul fay te benn xale warul tiit jàngi daara. Dañoo wara def suñu keemtalaay kàttan ngir sós ay dekkinu jàng yu wóor tay jàppale, teg ci jox waajur yi ak ñuy dénc xale yi rootuwaay yuñu soxla ngir ñu xam seen sañ-sañ ak seen sañ-sañu doom."

Departmañ bi jàppandilna leegi ngir waajur yi, ñuy dénc xale yi ak kepp kumu soxal ay rootuwaay yuñu tekki ci fukku làkk yuñu göna làkk ci biir Etaa New York. Maanaam: Español, Sinwa, Arab, Bengali, Ris, Urdu, Kreol, Farayse, Karen ak Nepale. Loolu day yaatal te dëgëral liggeey buñu nekk di def bokk ci lëkkaloo ak Biroo Attekat bu Mag bu Etaa bu New York(OAG) ngir woorlu ñoongi aar sañ-sañu ndongo-daara yi numu waree ni ko yón tëralee.

Bokkna ci daju yuñu tekki lu Attekat bu Mag bi Eric T. Schneiderman ak Komiseer Elia gennee lu yaggul, te ñuy fatteli goxu daara yi seen wareef ngir topp sàrt nguuri gi ak bu etaa yi am ngir woorlu sañ-sañu xale imigéré yi ñu jàngi ci daara nguuru New York te duñu ragal fayantoo. Leeral bi day jox gox yi ay xibaar yu am solo ci seen wareef ni ki yón bëggee ak jox cér seen ndongo-daara yi ak mbóot dënku ndongo-daara yi.

Teg ci, leeral ak rootuwaay ngir jàppale liggeeykat daara yi, ndongo yi ak waajur yi ñu wax te safara ay mbir ci wallu xékkital, boddikonte ak nootel, ak tamit yókk goorgoorlu ci nekkin ci daara yi ci jàmm bawoo ci DASA jàppandina.

Daju yooyu, ci 20 lakk mëneesna leen gis fii.

Xibaar ci jëf ci wallu imigré mëneesna leen gis fii, waaye xibaar ci leeral ak rootukaay ni ko
DASA bëqgee mëneesna leen gis fii.